Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!



ЖАС ЛЕНИНШИ



Газета 1931 жыл 13 февральдан шыға баслады. ◆ ӨЗБЕКСТАНЛКСМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНОБКОМЫНЫҢ ОРГАНЫ ◆ БАҲАСЫ 2 ТИЙИН

Депутат барлығы ушын жуўапкер!

ӨЗБЕКСТАН ССРының ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АССРының РЕСПУБЛИКАЛЫҚ, ОБЛАСТЬЛЫҚ, ҚАЛАЛЫҚ, РАЙОНЛЫҚ, ПОСЕЛКАЛЫҚ, АЎЫЛЛЫҚ СОВЕТЛЕРИНИҢ ХАЛЫҚ ДЕПУТАТЛАРЫНА

ҮНДЕЎ

Кәдирли жолдас депутатлар!

Пүткил елимиздей ақ, бизиң республикамызда қыйын бурылыс пайытын басынан кеширип атыр. Усы жуўапкерли ўақытта халық сизлерге күтә жоқары исеним билдирди. Болып өткен сайлаўлар сизлердиң ҳәр бириңиз ушын граждандық жетилисиўдиң ҳақыйқый мектебине айналды. Халық ҳәкимиятының жаңа органлары өзлериниң ўәкиллик миннетлерин атқарыўға кирисип атыр. Сайлаўшылар, республиканың пүткил халқы өзлериниң ең бир әҳмийетли үмитлерин ҳәм арзыў-әрманларын солардың жумысына, ҳәр бир депутаттың жумысына, оның ар-намысына ҳәм ҳүжданына байланыстырып отыр.

Бүгинги күни бизиң адамларымыз қандай аўыр жағдайларда жасап атырғаны ҳәммеге мәлим. Турақ жайлар ҳәм азық-аўқат өнимлери, емлеўханалар ҳәм мектеп жайлары жетиспейди. 9 миллион адамның ҳәр жан басына туўра келетуғын табыслары күн көрис минимумын тәмийинлемейди. 1 миллионнан аслам мийнетке жарамлы адамлар жумыс пенен тәмийинленбеген. Экологиялық жағдай төменлеп баратыр. Арал ҳәм Арал бойлары нағыз апатшылыққа ушырамақта.

Усы ҳәм басқа да турмыслық әҳмийетдеги проблемаларды шешиў Өзбекстанда қайта қурыўдың мазмунын қурайды. Ири илажлар тап усыған бағдарланған, булар республикада соңғы ўақытлары әмелге асырылмақта. Пахтаның монокультурасы сапластырылып атыр, пахтаға ҳәм аўыл хожалық өнимлериниң басқа да түрлерине жақсы баҳалар енгизилмекте.

Бир ярым миллионға жақын аўыл семьялары өзлериниң үй қапталы қыйтақларын кеңейтиў, турақ жайлар салыў ушын қосымша жер қыйтақларын алды. Ссудалар бериў ҳәм қурылыс материалларын сатыў көбейип атыр. Киши жастағы мектеп оқыўшыларын бийпул аўқатландырыўды шөлкемлестириў, қаны аз еки қабат ҳаялларды қосымша аўқатландырыўды шөлкемлестириў ушын онлаған миллион манат ажыратылды. Ветеранлардың ҳәм инвалидлердиң пенсиялары ҳәм пособиелары, интернат—үйлерди сақлаўға жумсалатуғын қаржылар көбейип атыр.

Бизиң қалаларымызды, соның ишинде республика пайтахты Ташкентти ҳәм аўылларды қайта дүзиў, оларды газ, водопровод ҳәм басқа да бир жеңил жасаў ушын зәрүрли болған турмыс жағдайлары менен тәмийинлеў программалары ислепип шығылды ҳәм ҳәрекет етип атыр. Экологиялық ҳәм санитариялық жағдайды жақсылаў бойынша шешиўши илаж көрилмекте— Жаңақоқанд химия заводы, онлаған зыянлы цехлар ҳәм өндирислер жабылды ҳәм қайта профиллестирилип атыр. Адамларды жумыс пенен ҳәм хызмет ҳақы менен тәмийинлеў ушын киши қалаларда кишкене кәрханалар, филиаллар ҳәм цехлар аўыллық орынларда халық тутыныў товарларын ислеп шығарыў филиаллары ҳәм цехлары кеңейип атыр. район орайларында санаат комбинатлары дүзилмекте, тиккелей хожалықларда аўыл хожалық өнимлерин қайта ислеў ушын цехлар үскенеленип атыр.

Әсирлер бойы әжайып дәстүрлерге ийе болған халықтың миллий тилине, мәдениятына, дәстүрлерине ҳәм үрип әдетлерине дыққат күшейип атыр. Жақынласып киятырған «Наўрыз» дем алыс күни деп дағазаланылды. «Мийрас» программасы әмелге асырыла баслады, оның мақсети күтә бай мәдений мийрасты терең үйрениў ҳәм сақлаўдан, халық көркем өнерин қайта тиклеўден ибарат. Барлық миллетлер ҳәм халықлар миллий мәдений талапларын қанаатландырыў ушын кең мүмкиншиликке ийе болмақта.

Өтмишимизди сақлай отырып, бизлер келешекке умтыламыз. Халық хожалық структурасын түпкиликли қайта қурыў, халыққа керекли товарларды ислеп шығыў ушын билим ҳәм мийнетти көп талап ететуғын тараўларды тезлетип раўажландырыў бойынша оғада үлкен жумыс ислеў керек. Жаслар ҳаққында, олардың ҳәзирги заман кәсиплерин өзлестириўи ушын үлкен ғамхорлық көрсетилип атыр. Уқыплы балалар ушын барлық областьларда мектеп-интернатлар дүзилмекте. Талантлы жаслар елимиздиң ең жақсы оқыў ҳәм илимий орайларына ҳәм сырт еллерге оқыўға ҳәм стажировкаға жиберилип атыр.

Усы ҳәм басқа да илажлар Өзбекстан Компартиясының сайлаў алды платформасында баян етилген. Қулласы әдеўир нәрсе исленип атыр. Бирақ елимизде ҳәм республикамызда орын алған қыйыншылықларды пайдалана отырып өзлериниң нәпсигөйлик мақсетлерине ерисиўге урынып атырған күшлердиң бар екенлигин тиккелей ашық түрде бүгин айтыў керек. Улыўма мәлим болған кемшиликлерге тийкарлана отырып, олар халықты әсиресе жасларды бийтаза етиўге, адамларды миллетлер аралық ала аўызлық ҳәм ҳуқыққа қарсы ҳәрекетлер жолына ийтермелей отырып адамлардың арасында жасалма түрде наразылық туўғызыўға умтылып атыр.

Бәлениң бир өзи келмейди, дейди халық даналығы. Мине сонлықтан бизлер ҳәммемиз бирге халқымызды топланып қалған проблемаларды зорлық пенен шешиўге усындай урыныўлардан сақлаўымыз, қорғаўымыз тийис. Өйткени бүгин халықлардың тәғдири шешилип атыр.

Бунда халық депутатлары айрықша роль атқарыўы керек ҳәм жуўапкершилик соларға жүкленеди. Сизлер 70 мыңнан аслам адамсыз ҳәм бүгин ҳәр бир областьта ҳәм қалада, ҳәр бир районда ҳәм аўылда ҳәкимиятты өз қолларыңызға аласыз. Ҳәр қандай исте дәслепки қәдем әсиресе әҳмийетли болады.

Барлық дәрежелердеги советлердиң басшы ҳәм атқарыўшы органларына кимлерди сайлайтуғынымызды тағы бир рет өлшестирип алайық. Бунда өлшем биреў; халықтың тәшўиши ҳәм итияжлары менен жасайтуғын оның ҳуқықларын ақырына дейин батыллық пенен ҳәм шешиўши түрде қорғай алатуғын адамлар ғана ҳақыйқый халық ҳәкимиятының органларын басқарыўы тийис.

Депутаттың артықмашлығы партияға ямаса басқа шөлкемге ағза болыўында емес, ал адамлардың ийгилиги ушын ҳадал мийнет етиўден ибарат екенлигине бизлер исенемиз.

Жети рет өлшеп—бир рет кес дейди халық. Сонлықтан советлердиң басшы органларын сайлаў ўақтында асығыслыққа, үстиртинликке, тийкарсыз ўәде бериўлерге жол қоймаў күтә әҳмийетли болады. Ең бир инициативалы ҳәм ылайықлы адамларға исеним билдириў керек. Олар ҳәр күни, ҳәр саатта өзиниң пүткил жумысы даўамында жуўапкершиликти сезсин, халықтың исенимин айқын әмелий ислер менен ақласын.

Халықтың абаданлығы менен ийгилигин арттырыўдың қыйын жолында ҳәмме де табысқа ерисе берсин!

ӨЗБЕКСТАН КОМПАРТИЯСЫНЫҢ ОРАЙЛЫҚ КОМИТЕТИ.

Қайта тикленип атыр

Нахичевань. (Әзербайжан ССР ы). (Әзеринформ—ТАСС тың хабаршысы) Узаққа созылған үзилистен кейин автономиялы республиканың санаат, транспорт ҳәм аграрлық комплекслериниң жумысы қайтадан басланды. Улыўма билим беретуғын мектеплерде, орта ҳәм жоқары арнаўлы оқыў орынларында сабақлар басланып кетти.

Алюминий ҳәм шийше заводлары рабочийларының толық қурамында өзлериниң жумыс орынларына қайтып келгенине үш күн болды, бул кәрханалардың технологиялық линияларының барлығы да иске кирисип өним шығарыўдың күнлик нормаларын орынлап атыр.

Темир жолларда қурылыс материалларын тасыў ритми артпақта. Нахичевань НАТО сының жолаўшылар ҳәм жүклер тасыўдың толық көлемин орынлай баслағанына еки сутка болды, пайтахтты автономиялы республиканың барлық районлары менен байланыстырып турған транспорт артерияларына жан енди. Әзеринформның хабаршысына областьлық партия комитетинде мәлим етилгениндей-ақ, мийнет коллективлери тәрепинен қолдан берилип кеткен нәрселердиң орынларын толтырыў бойынша планлар ислеп шығылған, олардың бир бөлеги үш сменада ҳәм узайтылған жумыс графиги бойынша ислеўге уйғарып атырған. Локомотив депосының хызметкерлери биринши нәўбетте көп жүк тийелген составларды белгиленген орынларына жеткерип бериўге миннетленген.

Деген менен барлық кәрханалардың бирдей жумысларын баслап жибериўине ҳәзирше ерисиле қоймай атыр. Шийки заттың жоқлығы буған себепши болып отыр.

Тахтакөпир районлық баспахана коллективи ҳәр қашан өз алдыларына қойылған миннетли тапсырмаларын арттырып орынлаўға ерисип киятыр. Баспахана тек районлық газетаны ғана басып шығарыў менен шекленбестен мәкеме ҳәм кәрханалардан келип түскен буйыртпаларды да орынлайды.



СҮЎРЕТТЕ; усы баспахана печатниги Мырзабай Пиримбетов жумыс ўақтында.

П. ТУРАҚБАЕВтың түсирген сүўрети.

Зәбердес шарўалар

Ҳәзирги күнлери Шымбай районындағы «1 май» совхозының шарўалары малларды тоқ ҳәм семиз етип бағыўда шидәкерлик пенен мийнет етпекте. Арендалық усылға өтип ислеп атырған шарўалар өз алдыларына мүмкиншиликлер дүзип алды. Ҳәзир бул усыл Ақсүңгил Дүйсенова басқарған арендалық бригада да жақсы жолға қойылған.—Бизлер жыл басында совхоз басшылары менен шәртнама дүзип, семиртип гөшке тапсырыў ушын 50 бас баспақ алған едик, ҳәзирги күнлери усы малларға рациональ түрде күнине 200—300 грамм салмақ қоспақтамыз,—дейди А. Дүйсенова.—Бул исте падашылардан Кеңесбай Қутлымуратов, Бердибай Палмановлар үлгили мийнет етпекте.

Н. ЖЕТПИСБАЕВ.
Шымбай районы.

Комсомол турмысы

БҮГИНГИ КҮННИҢ ТАЛАБЫ МЕНЕН

Р. ХОЖАМЕТОВ,
ӨзЛКСМ Кегейли райкомының биринши секретары

1. РАЙОН КОМСОМОЛ ЖАСЛАРЫ ТУРМЫСЫНДА ҚАЙТА ҚУРЫЎЛАР ҚАЛАЙ БАРМАҚТА?
2. ЖАСЛАРДЫҢ БОС ЎАҚЫТЛАРЫН МАЗМУНЛЫ ӨТКЕРИЎИ УШЫН НЕЛЕР ИСЛЕНБЕКТЕ?
3. БҮГИНГИ ЖАСЛАРҒА КӨБИРЕК НЕЛЕР ЖЕТИСПЕЙДИ?

Районымыздың тийкарғы тарауы ауыл хожалығы болғанлығы ушын жасларымыздың 70 проценти ауылларда мийнет етеди. Бул демек бизиң улыўма ислейтуғын жумысларымыздың 70 процентиниң усы ауыллардағы жаслар менен шуғылланыўға байланыслы екенлигин билдиреди.

...нда 3 орында мийнеткешлердиң дем алысын шөлкемлестиретуғын арнаўлы үскенеленген майданшалар бар. Бул орынларда ҳәр қыйлы мәдений массалық ҳәм спорт ойынлары, халық сейиллери өткерилип турылады.

Биз совет жаслары күни, балаларды қорғаў күни, тилеклеслик байрамларында ҳәм басқа да күнлери ҳәр қыйлы конкурслар, урыс қатнасыўшылары, интернационалистлер ҳәм мийнет ветеранлары менен қызықлы ушырасыўлар өткериўди, жаслардың мәдений әсте тикалық рухта тәрбиялаў, оларды аталар дәстүрине садықлық рухында өсириў менен байланыстырып отырмыз. Бул иселерде районлық комсомол комитети илаж ҳәм арнаўлы программалар ислеп шығып, қатнасып атырғанлығын айтыў керек.

Ҳәзирги ўақытта пүткил елимизде халықлар аралық дослықты беккемлеў, миллий қатнасықларды жақсылаў бойынша үлкен жумыслар исленип атыр. Мен ойлайман, жаслардың бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириў жумысларын ҳәр қыйлы миллет ўәкиллериниң қатнасыўында байытып, олардың дослық ушын хызмет етиўине ерисиўимиз керек. Бул мақсетте районымызда Совет Социалистлик Республикалар Союзының дүзилген күнлери, поэзия кешелери, сиясий оқыў сабақларынан пайдаланып атырмыз.

Ҳәзирги ўақытта районымызда 31 комсомол жаслар бригадалары ауыл хожалығында мийнет етеди. Районлық мәденият бөлими, профсоюз комитети, билим ҳәм тутыныўшылар жәмийети менен биргеликте атыз басларына, мийнет коллективлерине агитбригадалар шөлкемлестирип атырмыз. Бул бригадалар орынлардағы жаслар ушын туўдырылған шәрт-шараятлар менен терең танысады, керек болса кемшиликлерди биргеликте сапластырыўға жәрдем етеди.

Биз бүгинги күнде районлық комсомол комитети жанынан «Халқабад» қаласында дүзилген «Жаслар басламалары қоры» ның орынлардағы мүмкин болған филиалларын ашыў үстинде жумыс ислеп атырмыз. Бул қор 2 орында видеосалонға ийе. 1990-жылдан баслап бул қор есабынан 48 квартиралы 3 турақ жай қурылысы басланды. Жақын ўақытта «Халқабад» қаласында физкультуралық сауалтыў комплексиниң қурылысын баслаў пландастырылып отыр.

Районлық комсомол комитети жаслардың бос ўақытларын кеўилли өткериўи ушын шараятлар жаратып бериў үстинде тынымсыз ис алып барып атыр. 1989-жылда район орайында улыўма майданы 7 гектар жерге биз өз есабымыздан 3000 манатлық бағ ушын пәл алып отырғыздық. Келешекте бул бағ жасларымыздың бос ўақытларын мазмунлы өткеретуғын пайызлы орынға айналады.

Айрықша атап өтетуғын бир нәрсе, кооперативлик ҳәрекетти, жаслар проблемаларын шешиўди изертлеў ҳәм үйрениў мақсетинде бизиң Самарқанд областының Советабад районында командировкада болыўымыз көп нәрселерден өнимли пайдаланыў керек екенлигин көрсетти. Бул жерде биз «Камалак» жаслар орайының жаслардың дем алысын қалай шөлкемлестирип атырғанлығы менен жақыннан таныстық. Сондай-ақ Наўайы қаласында «Жаслар қоры» ўәкиллериниң командировкада болып, бул проблемаларды шешиўди изертлеп, үйренип қайтқанлығы да өз унамлы тәсирин тийгизбекте.

Енди бизиң алдымызда турған айырым проблемалар ҳаққында. Бизде тийкарынан жумыс ислейтуғын масса — жаслар екенлигине қарамастан олардың бос ўақытларын кеўилли өткериўи ушын ансамбллер дүзиўге керекли музыка инвентарлары жетиспейди. «Радио үйи» дүканы жаслар коллективлериниң вокаль-инструменталлық ансамбльлери ушын керекли болған инвентарларды ўақтында таўып бериўи көп жәрдем етеди. Мен областлық комсомол комитетиниң бундай жағдайларды сапластырыўда Қарақалпақстан АССР саўда министрлиги, тутыныўшылар басқармасы менен шешиўши илажлар қабыл етиўин өтинер едим.

Соңғы сауал бойынша айтарым, жаслардың бос ўақытларын кеўилли өткериўде телевидениениң ҳәм газетаның роли оғада уллы. Кейинги ўақытлары «Жаслық» студиясы ҳәр қыйлы проблемалық мәселелерди жәмийетшилик талқылаўына усыныўда ҳәм шешиўде табыслы ҳәрекет етип атыр. Солай болса да телевидение арқалы берилип атырған проблемалар жасларымыздың кеўлинен шықпай атыр. Бир ўақытлары оқыў орынлары студентлери арасында «ТЕЗ» конкурслары оғада қызығыўшылық пенен тамаша етилетуғын еди, ямаса «Жаңа қосығым», «Қызлар мушайрасы», Кишкентайлар ушын «Жаң қосығым» музыка сабағы көрсетиўлери нейинги ўақытлары программаларға енгизилиўи жаслардың кеўилли дем алысын шөлкемлестириў менен бирге олардың мәдений эстетикалық рухта тәрбиялаўға да салмақлы үлес қосады деп ойлайман. Жасларымыз ушын бүгинги күни ең зәрүрли нәрселердиң бири де усы тәрбия, олардың ой-өрисин, сана-сезимин өсириў мәселеси деп ойлайман.

Жазып алған **Б. ДОСЖАНОВ.**



Ташаўыз областының Гөне Үргенч районындағы № 30 мектебинде қарақалпақ класы ашылды.

СҮЎРЕТТЕ; Алмагүл Қайыпназарова (қарақалпақ қызы), Нургөззал Искендерова ҳәм Жәмийла Бабаева (түркмен қызлары) өз-ара гүррицлесип турған ўақты.

К. КИМниң түсирген сүўрети.

ӨРТ ҚӘЎПИНИҢ АЛДЫН АЛАЙЫҚ

Жайды салыўға да ямаса оны сатып алыўға да көп қәрежет жумсалады. Соңлықтан ҳәр бир адам бирдейине өзиниң үй-жайын өрттен толық сақлаўлары керек. Өрт қәўпиниң алдын алыў бойынша көрилип атырған илаж-шараларға қарамастан өрттиң келип шығыўы көбеймекте, әсиресе турақ жайларда өрттиң пайда болыўы нәтийжесинде материаллық байлықлар, қурылыслар, турақ жайлар үлкен зыянға ушыраса, айырым ўақытлары адамлардын майып ҳәм набыт болыўына алып келмекте.

Усы жылдың 10 январь күни Тақыятас қаласы Беруний көшеси 13-ши жайға Өтетазадан көшип келген Өтегенов Бийсен жайдың печиниң дурыслығын тексерип көрместен газ жағып пайдаланбақшы болғанда жарылыў пайда болыўының нәтийжесинде өл ҳәм оның семья ағзалары набыт болды. Ал, 9 январь күни Төрткүл қаласында жасаўшы Дәўлетовтың, Қараөзек районы «Мәденият» совхозында жасаўшы Алымовтың турақ жайларында морының násазлығынан өрт пайда болды.

Әсиресе жас балаларды үйде қараўсыз қалдырыў орынсыз. Жас балалар шырпы менен жийи ойнаўға қызығады, олар ата-аналардан жасырып ҳәр қыйлы унамсыз ислерди ислейди.

Ҳүрметли жолдаслар! «ӨРТ ТИЛСИЗ ЖАЎ» деп бийкарға ата-бабаларымыз айтпаған. Соның ушын ҳәр бир семья ағзасы өз үйлеринде өрт қәўпин болдырмаўға үлкен кеўил аўдарыўы керек.

О. КЕУЛИМҚОШОВ.
Республикалық ықтыярлы өрт өшириў жәмийетиниң инструкторы.

Сәлемлесиў ҳаққында

Газетаның 21-ноябрь (1989) санында Ж. Әжиниязованың пикир алысыў ретиндеги сәлемлесиў ҳаққындағы орынлы жазылған мақаласын оқып өз пикиримди билдиргим келди.

Ең дәслеп ҳәр қандай әдепли иске үйретиўде баланы жас гезинен баслап тәрбиялаў керек. Ал тәрбия болса бул мәўсимлик ис емес, оған ҳәмме теңдей жуўапкер болғанлығы ушын улыўма жәмийетшиликтиң дыққат орайында болыўы лазым. Жас әўладларды адамгершиликке, әдеп-икрамлылыққа үйретиў тәрбияның пәрўаны. Соңлықтан адамлардың бир-бирине сәлем бериўи де адамгершиликтиң нышаны болып табылады.

Расында да Ж. Әжиниязованың сәлем бериўдеги «ассаләўма әлейкум» сондай-ақ, сәлемге жуўап қайтарыўдағы «ўәлейкум ассалам» деген түрлери дурыслыққа туўры келеди. Ал «ассаләўма әлейкум» формасы тийкарында «ассәламу әлейкум» болып айтылады. Бул араб сөзи болып «сиз тыныш аман болың» деген тилеклесликти, сәлемлесиў мәнисин билдирсе, ал «ўәлейкум ассалам» — «сиз ҳәм тыныш аман болың» деген тилекти яки сәлемге жуўап қайтарыў мәнисин аңғартады.

Мине сөз етилип отырған сәлемлесиўдиң усы соңғы формасын жасларымыз сондай-ақ, жәмийетшилигимиз толық айтып әдетленсе ҳәммеге ең жақсы дәстүр болар еди.

Халқымыздың миллий мәдениятын, үрп-әдетин сақлаған ҳалда жасларды әдеплиликке, адамгершиликке, бир-биреўди ҳүрмет етип сыйлаўға үйретиў ҳақыйқатында да әдиўли ис.

Келеси ўақытлары да баспа сөз бетлеринде сәлемлесиў сыяқлы нәзик проблемалардың сәўлелене бериўиниң тәрепдарыман.

М. ҚӨЛЕНДЕРОВ
ФИЛОЛОГИЯ ИЛИМЛЕРИНИҢ КАНДИДАТЫ

Естеликлерди қорғаў—улыўма халықлық ис

Көздиң қарашығындай сақлайық

Халқымызда «жақсыдан ат қалады, жаманнан дақ қалады» деген даналық гәп бар. Жақсы адам өзи жасаған дәўиринде халқы ушын ҳадал мийнет ислейди, қолынан келгенинше жәмийеттиң раўажланыўына өзиниң үлесин қосады. Қулласы нәсилде әўладлар ядлап жүргендей жақсы нәрселерди ислеўге ҳәрекет етеди. Мине бундай халық перзентлерин көз жумып кеткеннен кейин де әўладлар ҳүрмет пенен тилге алып жүреди. Оған естелик орнатады. Әсиресе Уллы Ўатандарлық урыста қаза болғанларды ҳәмме мақтаныш пенен тилге алады. Сондай ақ парахат турмыста халық ушын көп ғана хызмет ислеп кеткенлерди де ҳүрметлейди. Мине солардың бирazына партия менен ҳүкиметимиз кеўил бөлип, естеликлер орнатты. Халық бундай ҳүрметли орынларға ҳәр дайым зыяратқа келип тәжим етеди. Бундай салтанатларға биз де талай қатнасқанбыз. Бирақ бүгинги күни усы естеликлердиң аўҳалы қалай? Жәмийетлик шөлкемлер оған дыққат аўдарып атыр ма? Усы мәселелерге жуўап излеп биз республикалық тарийхый естеликлерди қорғаў жәмийети Совети председателиниң орынбасары С. Мәдияров пенен бирге бирқанша естеликлерди көзден өткердик.

«Шоманай» совхоз-техникумы орайында Уллы Ўатандарлық урыста қаза тапқан жерлеслеримизге арналып орнатылған естелик бүгинги күни дыққатқа ылайық болмақта. Совхоз басшылары, жәмийетлик шөлкемлер айрықша дыққат бөлип естеликтиң дөгерегин абаданластырған. Белгили сәнелерге байланыслы, әсиресе Жеңис күнлери совхоз мийнеткешлери комсомолец ҳәм пионерлер естелик алдына келип Ана-Ўатан ушын урыста қаза тапқанларды ядқа алады ҳәм олардың ҳадал исине садықлығын билдиреди. Сондай-ақ бул жерде октябрятлар салтанатлы жағдайда пионер қатарына қабылланады. Әлбетте бундай жүректи толғандыратуғын минутлар жас әўладлардың ядында қалмаўы мүмкин емес.

Ал Шоманай районындағы А. Муўсаев атындағы совхоз орайына барып қарақалпақ совет әдебиятын баслаўшыларының бири, шайыр Аяпберген атаға арналған естеликти көргенимизде пүткиллей басқаша кейпиятқа түстик. А. Муўсаев усы территорияда туўылып өскен. Ол халық арасында өзиниң өлмес шығармалары менен белгили болып, ҳүрметке бөленген. Оның «Ленин», «Бола басланы» ҳәм тағы басқа да қосықларын ҳәмме ядтан билемиз. Усындай уллы шайырдың туўылған жерине орнатылған естелик неге дур бүгинги күни қараўсыз қалған. Естеликтиң дөгерегине пишен, ақбас, жантақ өсип кеткен. Биз совхоздың кеңсе аппаратында ислеўши бирқанша хызметкерлер менен сөйлесип қарағанымызда олардың айтатуғыны; «терек, гүл ексек ешки жеп кетеди» деп дәлийил айтады. Бул Аяпберген атадай уллы шайырдың жерлеслери болған азаматлардың айтатуғын гәпи емес. Еккен нәреслерди ешки жеп кететуғын болса олқ-булғы айландырып есаплағанда жүз метрдей жерди қоршаўға шама келмесе екен? Совхоз профсоюз ҳәм комсомол шөлкеми бул жәмийетлик исти қолға алса сөзсиз орынланады. Усы сәўап исти жәмийетлик шөлкемлердиң басшылары быйылғы бәҳәрде ислей қойса болар еди.

Қарақалпақтың биринши драматурги белгили актер Әбдираман Өтеповта изинде өшпес шығармалары менен из қалдырып кетти. Оны халқымыз, партия менен ҳүкиметимиз ҳүрметлеп 1987 жылы қәбирине естелик орнатты. Оның естелиги Қоңырат районы «Хорезм» совхозы территориясындағы «Дәстан ахун» қойымшылығында. Белгили сәнелерге байланыслы естеликке мийнеткешлер зыяратқа келип турады. Усы жерде айта кететуғын бир нәрсе Ә. Өтеповтың естелиги дөгереги де қулазып атыр. Дурыс, бул жер кебир, дақыл өсиўи қыйын. Бирақ халқымызда «жаман жер жоқ, жаман дийхан бар» деген гәп бар. Анық қолға алынып естелик дөгереги жасылландырылса ҳәмме ыразы болар еди. Район басшылары буны жоне бир мәртебе ойлап көрер деген үмиттемиз.

Биз жоқарыда А. Муўсаевтың естелиги ҳаққында гәп еткен едик. Оның қәбири қай жерде, басына белги орнатылған ба, деген саўалларға оқыўшылар қызығыўы мүмкин. А. Муўсаевтың қәбири Мойнақ районы территориясындағы «Насурылла ахун» қойымшылығында. Анығырағы «Бозатаў» аўыл советине қараслы «Тахтақыйыр» аўылында. Әлбетте А. Муўсаевтың басына жай салынып, қулпы тас орнатылған. Бул да марҳумға болған үлкен ҳүрмет. Биз бул жетискенликтиң тәрепиндемиз. Бирақ, усы Муўсаевтың қәбирине зыяратқа барыў машқаласы ойландырарлық. Олай дегенимиз «Насурылла ахун» қойымшылығы Қоңырат—Мойнақ тас жолының батыс арқа тәрепинде 7—8 километр жерде. Қойымшылыққа транспорт пенен барыўға жолдың жаманлығынан қыйыншылыққа ушырайсаң. Әсиресе жаўын-шашын, жер ызғаршылық болғанда жүдә қыйын. А. Муўсаевтың қәбирине барыўды қәлеўши коллективлер, яғный комсомолец ҳәм пионерлер көп. Бирақ усы жол азабынан олар жолға шыға алмайды. Бизиң ойымызша бул жерге асфальтланған жол болмаған менен ебиндей қыйыршық тас төгип жол салғанда болар еди. Бул мәселеге тийисли орынлар бас қатырып унамлы жуўмақ шығарыўды халқымыз күтип отыр.

Мойнақ районы территориясында көп ғана естеликлер бар. Солардан «Үшсай» елатлы пунктиндеги «немец-фашист басқыншыларынан азат етиўге қатнасқанларға» орнатылған естелик. Онда усы елатлы пункттен урысқа кетип қаза болған 72 азаматтың исми бар. Бирақ естелик жәмийетлик шөлкемлер тәрепинен дыққаттан шетте қалып киятыр. Мойнақ районлық комсомол комитети тек бул ғана естелик емес, басқа да естеликлер дөгерегин көклемзарлыққа айландырып, жаслардың тез-тез келип туратуғын қымбатлы орнына айландырыўда баслама көтере алмай киятыр. Бизиң өмиримизди, ана топырағымызды немец-фашист басқыншыларынан қорғап қалыўда қаза болғанлардың исмин, естелигин көздиң қарашығындай сақлаўымыз керек. Бул бизге перзентлик ўазыйпа болып жүкленеди.

Ҳәр жылы республикамызда еске түсириў күнин белгилеў дәстүрге айланып киятыр. Бул күни ҳәмме бир адамдай болып естеликлер алдына гүл шеңберлерин қояды ҳәм қойымшылықлардың дөгерегин абаданластырыўға қатнасады. Өлиге ҳүрмет, тирие иззет деген гәп бар. Сонлықтан да жоқарыда айтып өткен уллы адамларға орнатылған, урыста қаза тапқанларға орнатылған естеликлер дөгерегин абаданластырыўға ҳәммемиз актив қатнасыўымыз керек.

А. АББАЗОВ.
Журналист.



Сорақыз, жууап беремиз

Неке жасы деген не?

Бизиң редакциямызға Қараөзек районы Досназаров атындағы совхоздан Дәнебай Кенжебаев хат жоллап, Неке жасы деген не? Неке жасын өзгертиўге болама? деп сорапты? Биз бул сораўға жуўап бериўди юрист Нарымбет Өтәмбетовтан өтиндик.

Неке жасы дементиң мәниси, бул жигит-қыздың анық күш ғайратына толып, ақыл есин жыйнаған ўақыт дегенди аңлатады. Соның ушында олардың оқыған мектеби ержеткенлигин тастыйықлап «ержеткенлик аттестатын» береди. Ал енди тиккелей заңға жүгинсек неке жасы Өзбекстан ССРының (автономиялы республика болғанымыздан бизлерде соған сүйенемиз). «Неке ҳәм семья ҳаққындағы кодекси»ниң 18 тармағы биринши бөлимине тийкар ер адамлар ушын 18 жас, ал ҳаял-қызлар ушын 17 жас болып белгиленеди.

Заң некелесиўдиң жоқарыдағы көрсеткенимиздей ең киши жасын белгилеген. Ал жасына «ол анадай» я «мынадай болады» деп анықлама бермейди. Ондай еткен жағдайда заң адамның ҳуқықын шеклеген болар еди. Сонлықтан да ҳәр қандай ҳаял-қыз ҳәм ер адам заңға муўапық некелескенде олардың жасының бул ҳәрекетке ҳеш қандай парқы жоқ.

Неке жасты пәсейттириўге болама? Әлбетте болады. Бул да жоқарыдағы жүгинген кодексимиздиң 18 тармағының екинши бөлиминде анық көрсетилген. Яғный, халық депутатларының районлық, қалалық атқарыў комитетлериниң шешими менен неке жасын тек айрықша аўҳалға ғана бир жылға кемейттире алыў мүмкин. Енди айрықша аўҳал дегенимиз не? Бул түсиникте неке жасына жетпеген қызлардың ҳәмледар болып қалыўы, жас босаныўы, ҳақыйқый жеке қатнасықлардың жүз бериўи, жигиттиң армия қатарына шақырылыўы ҳәм тағы басқа да себеплер қураўы мүмкин. Демек, бул аўҳалда жигитлер 17 жасында ал қызлар 16 жасында турмыс қура алады деген сөз болып, бирақ некелесиўге арза берилгенде некелесетуғынлардың қолында шәртли түрде халық депутатлары атқарыў комитетиниң шешими болыўы зәрүр.

Бул мәселеде гейбир дилитантлардың себебинен талас-тартыс туўылып қалмаслығы ушын мына нәрселерге иркилип өткен жөн деп есаплаймыз. Неке жасын кемейттиргенде ҳәзирги пайытта (бурында) ҳәр союзлық республикада өзиндеги бар үрип-әдетлерди. дәстүрлерди ҳәм миллий шараятларын есапқа ала отырып өзинше шешиўге урынған Мысалы, союзлық республикалардың «Неке ҳәм семья ҳаққында» негизги заңның 10 тармағы «неке жасын кемейттириўге болады, бирақ еки жылдан артық емес» деп көрсетсе, ал Украина ССРының усы кодексиниң 16 тармағы неке жасы ер адамлар ушын 18 жас, ал ҳаял-қызлар ушын 17 жас деп ҳәм неке жасын ерн-ҳаялына теңдей тек бир жылға кемейттириўге рухсат бериледи. Ал Қазақстан ССР ының усы кодексиниң 16 тармағы неке жасын кемейттириўге тек ғана қызларына ғана бир жылға келисим берип, ал ер адамларының неке жасын кемейттириўине үзилкесил шек қояды.

Ал енди усы неке жасын кемейттиргенлердиң некелесиў тәртибине келетуғын болсақ, ол да бул ҳәрекетке қандайда бир айрықша жағдай туўдырылмаған. Яғный некелесиў процедурасы жалпы тәртипте болады ҳәм рәсмийлестириледи.

ШЕКСИЗ МИННЕТДАРМАН

Мен қәпелимде аяқ астынан аўырып төсек тартып жатып қалдым. Өзимди бир түрли ҳәлсиз сезе басладым. Көбирек кеўлим айныды, диңкем болмады. Усындай да жақсы сөзге, адам меҳрине мүтәж боласаң. Қоңсым Гүләш Бекжанова оғада итибарлы, пәк кеўилли инсан. Ол мени көриўден-ақ тез жәрдем машинасын шақыртты. Мен районлық емлеўхананың терапия бөлимине түстим. Бул жерде врач Бахыт Әжимуратов барлық медициналық жәрдемин көрсетти...

Ҳәзир өзимди жақсы сеземен, ден саўлығым да жақсы. Әтирапымызда усындай кең пейилли, меҳирли инсанлар көп болса екен деген тилек пенен оларға үлкен минетдаршылығымды билдиргим келеди.

Қ. ТӘЖЕНОВА.
Қараөзек районы.
«Мәдeнийат» совхозы.



Белоруссия ССР ы. Брест шинадағы Бостынь аўылында таңқаларлық бир жағдай болды. 42 жыл қалың тоғайлықта жасырынып жүрген, яғный аты умытылып баратырған И. В. Бушиловы аўылласлары жақында ғана билди. Ол 1947 жылы НКВД ның қуўдалаўынан қорқып Лунинецкий районындағы өзиниң Бостынь аўылын таслап кеткен еди. Мине ол усы өткен жылларда жанадан жалғыз адамлардың көзинен тасаланып, дут тоғайлықтың арасын таңлап жасаған.

СҮЎРЕТТЕ; азық-аўқат сақлаған орынды көрип турсыз.

А. ТОЛОЧКОның түсирген сүўрети.

Поэзия муйеши

Қалый ЖУМАНИЯЗОВ

ШАЙЫРЛЫҒЫҢ ШЫҢҒА ЖЕТКЕН ШАЙЫРСАҢ...

(Төлепбергеи Мэтмуратовты еслеў)

Қосықларың жүрек төрин
терберен,
Көрисиўди әрман етип сиз бенен,
Китабыңды оқыўшылар излеген,
Шайырлықтың сырын ашқан
шайырсаң

Минезиңде қосығыңа сай келген,
Илаҳийда шайыр болып ер жеткен
Талай-талай жүреклерди
тербеткен,
Шайырлығың шыңға жеткен
шайырсаң.

Лермонтов, Наўайы,
Мақтумқулыдан,
Қосық жаздың таўып жолды
туўрыдан,
Әжинияз, Бердақлардың жолынан,
Илҳам алып жазған нағыз
шайырсаң.

Изиңде қалдырдың алтын ғәзийне
Халқың айтар еди, иним жаз еле,
Ертелеў кеттиң аў алдың жаз
еди,
Мәңгиликке умытылмас
шайырсаң,
Өзиңди еслетер шайырлық сөзиң,
Өлди деп айтыўға қыймайды
көзим,
Көз алдымда елеслеп турыпты
жүзиң,
Мәңгилик есимде қалған
шайырсаң.

Елиў жасын елиў жылдың асқары,
Шайырлардың изде қалар
жазғаны,
Излейди оны оқып жүрип дослары
Досларыңа үлги болған
шайырсаң.

Елиўге де жете алмадың жас
кеттиң,
Сондадағы бир әсирлик не еттиң,
Шайырлықтың нәзик жолын сөз
еттиң,
Тарийхларда атың қалған
шайырсаң.

Изиңде бар гүл көгерер орныңа,
Қосықларың илҳам берер улыңа,
Олда түсип шайырлықтың
жолына,
Шайырлық илҳамың изиңде қалар
Жас кетпей жүр қостарыңның
көзинен,
Сени излегени көрипеди жүзинен,
Мысал келтиреди ҳәрбир сөзиңнен
Қостарыңа из қалдырған
шайырсаң.

Шайырлық дегениң усындай
болар,
Қосығы шайырды еслетип турар,
Атадан балаға мийрас боп қалар,
Изиңди еслетип кеткен шайырсаң.

Жасың жетип болалмадың
кәтқуда,
Өрнек болдың ғарры менен
жасқа да,
Жасың жетсе болар едиң кәтқуда,
Кәтқудалық минези бар
шайырсаң.

Төлепберген атың есте қалады,
Қосықларың елге өрнек болады,
Китабыңды излеп жүрип алады,
Шайырлығың шыңға шыққан
шайырсаң.

Редакцияға хат

ӨТИНИШ

1989 жылы автономиялы республикамызда «Қарақалпақстан арыўы» деп аталған конкурс болды. Буған республикамыздың қала ҳәм районларынан ең сулыў қызлар қатнасты. Жеңимпазлар анықланды. Булар баспа сөзде жәрияланды.

«Қарақалпақстан арыўы» деп аталған конкурс 1990 жылы да өткерилетуғын шығар деп ойлаймыз. Егер бул өткерилетуғын болса дәслебинде конкурс мектеплерде, техникумларда, училищелерде, жоқары оқыў орынларында өткерилип, ең сулыў қызлар сайланып алынса, булар қалалық ҳәм районлық көлемде өткерилетуғын конкурсқа қатнасса, оның жеңимпазлары республикалық жарысқа жиберилсе жақсы болар еди деп ойлаймыз.

З. БЕКМУРАТОВА,
НМУ диң студенти

З. САБУРОВА,
Нөкис медициналық училищесиниң студенти.

Ең уллы байлық

(ЕРТЕК)

Бурынғы өткен заманда бир бала өзиниң жарлы екенлигине бәрҳәма налый берели екен. Сонда оның қасына бир ғарры келип былай депти;

— Неге сен налый бересең? Сениң байлығың жүдә көп ғой—депти.

Буны еситкен бала;

— Сол байлық қайда? Мен жарлыда не байлық болсын?— депти.

— Сениң көзлериң. Тек бир көзиңе ғана пе қәлесең соны алар едиң меннен,— депти ғарры.

— Жоқ өзимниң көзимди қандай байлық болса да бермеймен,—депти бала.

— Жүдә жақсы, онда сен маған қолларыңды ақ бере ғой. Соның ушын мен сениң бойыңды алтын менен көмейин,—депти ғарры.

— Жоқ. Жоқ. Айта гөрмең. Мен қолларымды таўдай алтын берсең де бермеймен.

— Мине енди өзиң көрип отырсаң, сен қандай байсаң. Маған инана бер балам. Адамның ең үлкен байлығы —бул оның ден саўлығы. Оларды ақшаға да, дүньяға да сатып алыўға болмайды —депти ғарры.

Ш. ЕРНИЯЗОВА,
Нөкис қаласы.

Қызығыўшылығы күшли

(ХАТЛАРҒА ШОЛЫУ)

Шымбайлы аўыллық хабаршымыз М. Атаханов редакциямызға жазған «Қызлар жарысы» деп аталған мақаласында былай деп баянлайды; Комсомол» орта мектебинде «Кәнекей, қызлар» конкурсы болып өтти. Буған жоқары класстан 5 оқыўшы қатнасты. Жарыста қызлардың ой-өрислери, билими, шеберлиги, шаққанлығы ҳәм спортқа қызығыўшылығы көзден өткерилди. Жарыс жуўмағында мектебимиздиң 11-«а» класс оқыўшысы Д. Әбдиразақова, Н. Әўезова, З. Дәўлетовалар жеңимпаз атанды.

«Жигит қыялындағы қыз қандай болыўы керек?» Бул жақында «Ленинабад районындағы № 11 мектебиниң жоқары класс оқыўшылары менен өткерилген кешениң темасы—деп жазады усы райондағы аўыллық хабаршымыз Ж. Султанова. Кешени мектептиң 11 класс оқыўшысы Г. Камалова алып барды. Кеше программаға муўапық избе-излик пенен өткерилди. Онда «Ата-анаңның үйи—өмир мектеби» деген темада баянлама жасалды. Баянламада қызлар тәрбиясы сөз етилди. Кешениң аяғында темаға байланыслы әдебий көркем оқыўлар болды. Кешениң қызықлы ҳәм тәсирли болып өтиўине мектептиң муғаллимлери үлес қосты.

— Тельман атындағы орта мектепте оқыўшыларға деп жазады Нөкис районынан Г. Өтегенова,—У. Қылышбаев рус тилинен сабақ береди. Ол ҳәр күни өз сабағына пухта таярланып келеди. Көргизбели қураллар тийкарында өткерилген сабақ оқыўшылардың рус тилине болған қызығыўшылығын арттырмақта.

Республикамыздың мектеплеринде пәнлер бойынша өткерилген олимпиада жарыслары, әдебий кеше, устазлар, бала тәрбиясы, нанды ҳүрметлеў, саўатлылық, балалық әрман ҳаққында Қоныраттан А. Қудиярова, Кегейли районынан К. Бекмуратова, Б. Тилеўбаева, Нөкис қаласынан Ш. Ерниязова, Шымбай районынан О. Тоқымбетов, С. Баймуратова, Г. Жолдасова, Беруниyден Ж. Бекмуратов, Нөкис районынан Қ. Қосымбетовалар мақалалар жазды.

Нөкис кооператив техникумының студентлер жатақханасында қашан қарасаң тәртип ҳәм тазалықтың бар екениниң гүўасы боласаң. Сол ушында бул жатқхана пайтахтымыздағы оқыў орынлары жатақханалары арасындағы өткерилип киятырған конкурсларда алдыңғы орынларда болып киятыр. Бул нете әлбетте усы жердеги педагог тәрбияшылардың да қосып атырған үлеси мол.



СҮУРЕТТЕ; усы техникум жатақханасында үлгили мийнет етип атырған педагог тәрбияшы, көркем ҳәўескерлер кружогиниң баслығы Света Юсупова студентлер арасында.

А. МУРАТОВтың түсирген сүўрети.



«Жуўмақ шықты»...

Қарақалпақстан АССР Ден саўлықты сақлаў министрлиги хабарлайды; «Жас Ленинши» газетасының 1989 жыл 29 декабрь санында Б. Досжановтың авторлығында жәрияланған «Қашан жуўмақ шығады?» темасындағы критикалық мақала комиссиялық тәртипте, мақалада сөз болған орынға барып тексерип көрилди. Төменде, тексериў нәтийжеси бойынша исленген илажлар ҳәм қарар көширмесин жиберип отырмыз.

Қадағалаў бойынша бас инспектор: А. ВЕРДИБАЕВ.

• • •

Мақала бойынша «Қызыл әскер» аўыллық врачлық амбулаториясының жумысларын ҳәм жағдайын тексерип көргенимизде көрсетилген кемшиликлердиң дурыс екенлиги тастыйықланды. 1984 жылы ашылған АВА ҳәзир ыңғайластирилген бир турақ жайда жайласқан. Сол себепли халыққа медициналық жәрдем көрсетиўде бираз қыйыншылықлар бар. Штат бойынша амбулаторияға жоқары мағлыўматлы врачлар ушын 4,75 ставка ажыратылған. Соннан 1,5 ставкасы бас врач Қ. Дүйсеновқа берилген. Ал, қалған 3,25 ставкасы районда жоқары мағлыўматлы врачлардың жетиспеўине байланыслы бос тур.

«Қашан жуўмақ шығады?» мақаласында көрсетилген кемшиликлер бойынша ҳәм мийнеткешлердиң орынлы наразылығын аз да болса қанаатландырыў ушын төмендеги илажлар исленди: «Қызыл әскер» АВА сына қарағанда ара қашықлығы Халқабад қаласына анағурлым жақын жайласқан Андреев атындағы бөлим мийнеткешлерине тиккелей Халқабад участкалық емлеўханасына барып көриниў мүмкиншилиги туўдырылды. Сондай-ақ, бул жерде турақлы түрде ислеў ушын стамотолог врач жиберилди. Ал, генеколог врач Халқабад участкалық емлеўханасынан барып, ҳәптеде бир күн амбулаторияда наўқаслар қабыллап турады. Буларға қосымша, endиги келетуғын врачлар есабынан амбулаторияны терапевт врач пенен ҳәм зәрүрли медициналық үскенелер менен тәмийинлеў көзде тутылады.

Қарақалпақстан АССР Ден саўлықты сақлаў министрлиги Кегейли районлық ден саўлықты сақлаў бөлими басшыларына АВА жумысының жағдайларын турақлы түрде қадағалап барыўды тапсырды.

А. ИСМАЙЛОВ.


Кегейли районлық орайлық емлеўхана бас врачы ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы.

А. БЕКНАЗАРОВА

Республикалық туўыў үйиниң бас врачы.

Редактор К. РЕЙМОВ.

Жас Ленинши



742000 НӨКИС ҚАЛАСЫ, К. МАРКС КӨШЕСИ № 9.

ТЕЛЕФОНЛАР; Редактор 2—20—21, жуўаплы секретарь 2—20—23, бөлимлер 2—20—25, машинкалар бюросы. 4—39—66.

Қарақалпақстан АССР баспа полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң Ныкистеги «Правда»ның 50 жыллығы» полиграфкомбинаты.

Заказ 519. ИНДЕКС 64612.Тиражы 28528 РК 32161.